

KONTE SUFFOLK NEW YORK



DEPATMAN POLIS (COUNTY OF SUFFOLK NEW YORK POLICE DEPARTMENT)

GERALDINE HART
KOMISÈ LAPOLIS (POLICE COMMISSIONER)

Pwosedì pou Sivil Pote Plent (Civilian Complaint Procedure)

Lè ou pote plent la, sipèvizè ki ede ou a pral ba ou yon kopi fòm Anrejistremant Plent Ofisyèl (Acknowledgement of Complaint) pou kenbe nan dosye ou. Tanpri ekri nimewo Idantite Dosye (Record ID) ou paske ou pral itilize li pou swiv plent ou a. Si ou pa resevwa on kopi rapò a oswa nimewo Idantite Dosye a, tanpri kontakte Biwo Zafè Entèn (Internal Affairs Bureau, IAB) nan (631) 852-6265.

Si yo pote plent ou a nan yon komisarya lapolis oswa nan Komisyon Dwa Moun Konte Suffolk (Suffolk County Human Rights Commission), y ap transfere li nan IAB pou trete li.

Nan de (2) semèn apre ou fin pote plent ou an, w ap resevwa yon lèt pou rekonèt plent ou an. Lèt sa a ap idantifye sipèvizè ankèt la a epi ba ou enfòmasyon pou kontakte li. Si ou pa resevwa lèt sa a, tanpri rele IAB pou asistans nan (631) 852-6265.

Pandan ankèt la, anketè a ap fè entèvyou avèk ou kòm moun ki pote plent lan, manm Depatman Lapolis ki enplike yo ak temwen yo, epi yo pral byen egzaminen materyèl evidans ki disponib yo.

Apre li fin evalye entèvyou yo ak tout materyèl prèw ki disponib, anketè a pral fè yon rapò byen detaye. Apresa moun nan plizyè nivo sipèvizyon pral evalye rapò sa a, tankou Chèf Divizyon (Division Chiefs) epi nan plizyè ka Komisè Lapolis Adjwen (Deputy Police Commissioner) ak Biwo Pwokirè Jeneral (District Attorney's Office).

Lè ankèt la fini, y ap kontakte ou alekri pou ba ou rezilta ankèt la. Si w ta gen kesyon konsènan ankèt lan oswa konklizyon yo fè a, tanpri rele swa sipèvizè ankèt la oswa IAB imedyatman.

Depatman Polis Konte Suffolk (Suffolk County Police Department) devwe li pou bay sèvis pwofesyonèl ak efikas pou chak ak tout manm kominote nou sèvi yo. Tanpri, asire w Depatman Poli Konte Suffolk la pran enkyetid ak plent ou yo oserye, epi la p fè yon ankèt konplè san paspouki, pou chak ak tout plent nou resevwa.

Ou ka pote plent konsènan manm Depatman Polis Konte Konte Suffolk la nan Komisyon Dwa Moun Konte Suffolk la tou lè ou rele (631) 853-5480.

Depatman Polis Konte Konte Suffolk la pa poze viktim, temwen, oswa moun k ap mande lapolis sekou kesyon sou sityasyon yo ak imigrasyon.



AJANS APLIKASYON LALWA AKREDITE (ACCREDITED LAW ENFORCEMENT AGENCY)

Vizite nou sou entènèt nan: www.suffolkpd.org

Liy Dirèk Konfidansyèl pou Kwape Krim (Crime Stoppers Confidential Tip Hotline): **1-800-220-TIPS**

Sityasyon ki pa ljan ki Bezwen Respons Polis (Non-Emergencies Requiring Police Response) - Rele: **(631) 852-COPS**

30 Yaphank Avenue, Yaphank, New York 11980 – (631) 852-6000

